



Kreyasyon	08/1981	Pwopriyetè	Perry, Meghan
Dènye Apwobasyon	06/2024		Vis Prezidan Adjwen Finans
Anvigè	07/2025		
Dènye Revizyon	01/2025	Aplikabilite	TidalHealth System
Pwochen Revizyon	06/2026		

## Assistans Finansyè / Swen san Konpansasyon

### Règleman:

An akò ak gid eta epi federal yo, TidalHealth pral bay swen ijan ak swen medikal nesèsè gratis ak/oswa pri ak rabè pou pasyan ki pa gen kouvèti asirans swen sante oswa sa yo ke kouvèti asirans swen sante pa peye tout pri bòdwo lopital yo a. Peman yon pasyan pa dwe depase pri faktire anjeneral la (Amount Generally Billed, AGB). Tout sèvis lopital reglemante (ki gen ladann ijans ak swen medikal ki nesèsè) nan TidalHealth Peninsula Rejyonal yo pral toujou faktire jan sa tabli pa Sèvis Sante Komisyon an Revizyon Pri a (Health Services Cost Review Commission, HSCRC) ki egal ak metòd pri yo faktire anjeneral la (AGB). Tout pasyan ke yon Founisè TidalHealth wè oswa ke yo wè nan yon zòn ki pa reglemante nan TidalHealth Peninsula Rejyonal oswa tout sèvis ki bay nan TidalHealth Nanticoke Hospital yo pral faktire dapre barèm frè a, plis sipleman estanda a ki se AGB a pou TidalHealth. Pasyan ki peye pou tèt yo, pou tout sèvis ki pa reglemante pa HSCRC, ap resevwa yon rabè pou diminye kantite lajan Medicare ta ka ranbouse TidalHealth, ki se metòd yo prevwa a. Pou pasyan ki peye pou tèt yo, kantite lajan nan bòdwo a pa pral depase barèm frè Medicare la pou tout sèvis ki pa reglemante yo.

TidalHealth kapab itilize founisè ekstèn pou bay sèvis rekouvremant ak/oswa pre-rekouvremant. Founisè yo aji dapre règleman TidalHealth yo epi lè règleman sa yo mansyone anlwaye, sèvis finansye oswa lòt mo menm jan an yo – founisè ak/oswa anlwaye founisè a yo enkli san mansyone yo.

TidalHealth, Inc., yon sistèm swen sante ki kouvri Delmarva Peninsula nan Maryland ak Delaware, angaje li pou bay swen nan tout kominote nou an, kèlkeswa kapasite yo pou peye.

### Definisyon:

- a. **Swen Ochwa:** Swen ki ka ranvwaye san pwoblèm pou pasyan an oswa ki pa medikalman nesèsè. Yap kontakte yon reprezantan klinik oswa doktè ki apwopriye pou konsiltasyon pou detèmine estati pasyan an.
- b. **Nesesite Medikal:** Nenpòt pwosedi ki rezonabman detèmine pou anpeche, dyagnostike, korije, geri, soulaje, oswa anpeche kondisyon yo ki mete lavi an danje vin pi grav, ki lakòz soufrans oswa doulè, sa ki lakòz maladi oswa enfimite, menase lakòz oswa agrave yon andikap, oswa lakòz defòmasyon fizik oswa pou fonksyone byen, si pa gen okenn tretman egalman efikas, pi konsèvatif oswa koute mwen chè nan tretman ki disponib.

- c. Fanmi Pwòch: Nenpòt moun ke pasyan an reklame yon egzansyon pèsònèl pou li nan yon deklarasyon taks federal oswa Eta yo. Yon konjwen, kèlkeswa si pasyan an ak konjwen espere ranpli yon deklarasyon taks federal oswa Leta ansanm, pitit byolojik, timoun adopte, oswa bèlfi/bofis. Si pasyan an se yon timoun, kantite moun ki nan kay la se nenpòt moun paran pasyan yo oswa gadyen ke yo reklame yon egzansyon pèsònèl pou li nan yon deklarasyon taks federal oswa Eta. Paran byolojik, paran adopte, oswa boparan oswa gadyen, frè/sè biyolojik, frè/sè adopte, oswa bofrè/bèlsè.
- d. Dèt Medikal: Depans ki soti nan pòch, ki gen ladann kopeman, koasirans ak franchiz, pou depans medikal ke TidalHealth faktire.
- e. Aksyon Rekouvreman Ekstrawòdinè (Extraordinary Collection Actions, ECA): Nenpòt aksyon legal ak/oswa ki rapòte dèt la bay yon ajans rapò kredi konsomatè.

TidalHealth ap bay swen medikal gratis ki nesèsè pou pasyan ki gen revni fanmi egal oswa pi ba pase 200% nivo povrete federal la. Yo kalkile Swen Gratis la oubyen mete l ajou nan moman sèvis la, kòm sadwa, pou konsidere nenpòt chanjman nan sitiyasyon finansyè pasyan an ki fèt nan lespas 240 jou apre yo fin bay premye bòdwo lopital la. Pasyan ki kalifye pou asistans finansye baze sou revni egal oswa anba 200% nivo povrete federal la pa gen pou peye pou swen yo epi poutèt sa peye mwens pase AGB.

TidalHealth pap fè tès evalyasyon byen pou pasyan ki gen revni egal oswa anba 200% nivo povrete federal la lè y ap detèmine kalifikasyon pou barèm frè varyab.

TidalHealth ap bay swen medikal a pri redwi ki nesèsè pou pasyan ki gen ti revni ak revni fanmi ant 200% ak 300% nivo povrete Federal la. Yo kalkile swen a pri redwi a oubyen mete l ajou nan moman sèvis la, kòm sadwa, pou konsidere nenpòt chanjman nan sitiyasyon finansyè pasyan an ki fèt nan lespas 240 jou apre yo fin bay premye bòdwo lopital la.

TidalHealth ap bay swen medikalman nesèsè a pri redwi pou pasyan ki gen ti revni ak revni familyal ant 301% ak 500% nivo povrete federal la ki gen yon difikilte medikal jan Lalwa Maryland defini l, pou rezidan Maryland ak Delaware yo. Difikilte medikal se dèt medikal, ki fèt pa yon fanmi sou yon peryòd 12 mwa ki depase 25% revni fanmi an.

Lòt frè swen sante ak frè pwofesyonèl ki pa bay pa TidalHealth yo pa enkli nan règleman sa a. Yo ka konsidere sèvis pre-planifye sèlman pou asistans finansyè lè sèvis la nesèsè medikalman. Pa egzansp, operasyon kosmetik pa ladann. Pasyan entènè, pasyan ekstèn, sèvis ijans, ak sèvis ke TidalHealth bay yo kalifye.

Asistans finansyè TidalHealth la bay sèlman pou bòdwo ki gen rapò ak sèvis yo bay nan TidalHealth oswa nan yon sit TidalHealth ki gen ladann sèvis ki bay pa doktè anplwaye pa TidalHealth. Pou detèmine si sèvis doktè w yo kouvri pa pwogram asistans finansye TidalHealth la, tanpri gade lis founisè ki bay swen ijan ak lòt swen medikal ki nesèsè, ki endike ki founisè ki kouvri dapre règleman an ak sa ki pa kouvri. Yo mete lis founisè a ajou chak trimès epi li disponib sou sit entènèt TidalHealth la. Si w pito, ou ka kontakte nenpòt konseye finansye oswa reprezantan kontablite pasyan lè w rele nan (410) 912-4974, oswa an pèsòn nan TidalHealth Peninsula Regional oswa TidalHealth Nanticoke.

Yo ofri plan peman san enterè sou yon Dèt Medikal pou sèvis yo bay pasyan ki pa kalifye pou Swen Gratis. Peman an p ap depase 5% revni mansyèl ajiste pasyan an.

## Pwosedì:

Si yon pasyan pa kapab peye poutèt resous finansyè, tout efò ap fèt pou ede pasyan an jwenn asistans nan ajans apwopriye yo. Nan ka ke pasyan an aplike pou epi kenbe tout randevou ki nesèsè yo epi asistans yon twazyèm pati pa disponib, TidalHealth pral bay swen a pri redwi oswa gratis. Lè pa gen okenn asistans twazyèm pati ki disponib pou kouvri bòdwo total la epi pasyan an endike ke li gen ase lajan, yo pral ofri Asistans Finansyè (Financial Assistance, FA). Aplikasyon pou Asistans Finansyè Inifòm, Règleman Asistans Finansyè, Règleman Pratik pou Rekouvreman Pasyan, ak rezime langaj senp, ka jwenn pa youn nan mwayen annapre yo:

- a. Disponib gratis epi sou demann lè w rele (410) 543-7436 oswa (877) 729-7762.
- b. Yo sitye nan zòn enskripsyon yo.
- c. Telechaje nan sit entènèt TidalHealth la:  
<https://www.tidalhealth.org/patientforms>  
<https://www.tidalhealth.org/patientbills>
- d. Rezime lang senp lan antre nan pake Admisyon an ak tout relve kont pasyan yo.
- e. Avètisman anyèl nan jounal lokal la.
- f. Aplikasyon an disponib an Anglè, Espayòl epi Kreyòl. Pa gen lòt lang ki konstitye yon gwoup ki se 5% oswa plis, oswa plis pase 1,000 rezidan (kèlkeswa sa ki mwens) nan popilasyon an nan zòn sèvis prensipal nou an (Worcester, Wicomico ak Somerset Counties) pou Maryland baze sou Done Resansman Etazini. Pou Delaware, popilasyon lopital la konsidere kòm te 5%.
- g. Pou pasyan ki gen difikilte pou ranpli yon aplikasyon, yo ka pran enfòmasyon yo aloral lè yo rele (410) 912-6957 oswa an pèsòn nan Biwo Konseye Finansye a ki sitiye nan Frank B. Hanna Outpatient Center a.

Yo pral afiche ansèy nan divès kote nan tout TidalHealth pou enfòmasyon pasyan yo sou ki kote pou yo rele oswa aplike pou Asistans Finansyè.

TidalHealth Peninsula Regional – Depatman Ijans, Frank B. Hanna Outpatient Center, Reyabilitasyon Kadyak, Swen Blesi, Zòn Sal Atant L&D, Sant Kansè Lopital, ak Zòn Sal Atant Operasyon Menm Jou.

TidalHealth McCready Pavilion – Zòn Sal Atant Laboratwa ak Radyoloji, Depatman Ijans, Klinik, ak Terapi Fizik.

TidalHealth Nanticoke – Enskripsyon Pasyan Ekstèn, Depatman Ijans, Building Mears, Swen Blesi ak Antre Reyabilitasyon Kadyak, ak Sant Kansè.

TidalHealth Medical Partners – Nan sèten sit mobil, kap patisipe, ki bay swen primè pou pasyan ekstèn ak sèvis sante fanm. Nan moman sa a, sit sa yo gen ladan yo:

- Biwo Swen Primè yo nan Berlin, Bridgeville, Crisfield, Delmar, Federalsburg, Georgetown, Laurel, Millsboro, Ocean Pines, Pocomoke, Salisbury, Seaford epi Snow Hill.
- Biwo OB/Gyn yo nan Salisbury ak Seaford.
- Biwo Sante Konpòtman Pasyan Ekstèn yo lan Salisbury (nan Vine Street ak Woodbrooke), epi nan Ocean Pines.

Yo pral konpare Revni pasyan ak Gid Federal Povrete aktyèl la (nan dosye Kowòdonatè Rekouvremman an). Reprezantan Kowòdonatè Rekouvremman an ap konsilte avèk pasyan an jan sa nesèsè pou fè evalyasyon kalifikasyon an.

- a. Si yo resevwa aplikasyon an nan lespas 240 jou apre premye bòdwo apre-egzeyat la, epi kont lan nan men yon ajans rekouvremman, yo pral avèti ajans lan pou yo sispann tout Aksyon Rekouvremman Ekstrawòdinè (ECA) jiskaske aplikasyon an ak tout dwa apèl yo trete.
- b. Si aplikasyon an pa konplè, tout efò ECA yo ap rete tann yon kantite tan rezonab epi yo pral bay pasyan an asistans pou li ka konplete aplikasyon an. Si pa gen yon kontak telefòn pou rele, yap voye yon avi alekri pa lapòs ki dekri enfòmasyon anplis ak/oswa dokiman ki nesèsè yo ak ladann yon kontak telefòn pou rele pou asistans.
- c. Pre-kalifikasyon pral fèt nan lespas 2 jou ouvrab apati moman yo resevwa enfòmasyon ki sifi pou detèmine kalifikasyon posib. Y ap voye yon lèt pa lapòs oswa voye bay MYCHART pou avèti pasyan yo sou sitiyasyon kalifikasyon yo. Apre apwobasyon preliminè, pasyan yo dwe soumèt yon aplikasyon ranpli ak nenpòt dokiman sipò yo mande (si yo pat fè sa deja). Sèvis Finansyè Pasyan TidalHealth detèmine apwobasyon final pou Asistans Finansyè. Lè yo fin bay apwobasyon final la, yo pral aplike yon rabè asistans finansyè sou responsablite pasyan an.
- d. Pasyan ki benefisye/resevwa sèten pwogram sèvis sosyal baze sou mwayen yo konsidere kòm gen kalifikasyon sipoze a 100% epi yo kalifye pou FA san yo pa ranpli yon aplikasyon oswa done finansyè ki jistifye sa si pwogram baze sou mwayen an respekte règleman Asistans Finansyè nou yo. Pasyan an responsab pou bay prèv kalifikasyon li. Se responsablite pasyan an pou avèti TidalHealth ke li nan yon pwogram ki teste mwayen. Ou ka jwenn enfòmasyon sa yo tou nan men yon founisè ekstèn oswa lòt mwayen ki disponib pou TidalHealth. Pwogram yo gen ladan yo, men pa limite a:
  - Viv nan yon kay avèk timoun ki enskri nan pwogram repa gratis ak pri redui. (Aplike sèlman si enskripsyon obligatwa)
  - Resevwa benefis atravè Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanntè federal la.
  - Resevwa benefis nan Pwogram Asistans Enèji Eta a.
  - Resevwa benefis atravè Pwogram Federal Espesyal Manje Siplemanntè pou Fanm, Tibebe, ak Timoun.
  - Resevwa benefis nan nenpòt lòt pwogram sèvis sosyal jan Depatman an ak Komisyon an detèmine sa.
  - Enskri nan Pwogram Healthcare Connection (HCC) atravè Medical Society of Delaware.
- e. Yon pasyan ki kalifye pou Asistans Medikal nan Maryland oswa Delaware konsidere kòm otomatikman kalifye pou Asistans Finansyè (FA) a 100%. Montan yon pasyan dwe sou kont sa yo ka anile nan FA avèk verifikasyon kalifikasyon pou Medicaid. Egzijans pou dokiman estanda yo anile.

- f. TidalHealth ka apwouve otomatikman Asistans Finansyè pou kont yo ki pare pou voye bay yon ajans rekouvremant ke yo idantifye kòm Povrete baze sou nivo posiblite pou peye.
- g. Si aplikasyon an pa kalifye, pwosesis nòmal demand lan pral rekòmanse, ak ladann avèti ajans la si sa aplikab pou kontinye ak efò ECA yo. Ou ka jwenn yon kopi Règleman Rekouvremant TidalHealth la lè w rele (410) 543-7436 oswa (877) 729-7762 epi li disponib sou sit entènèt ki endike anwo a.
- h. Pasyan an ka mande rekonsiderasyon lè l soumèt yon lèt bay Vis Prezidan Adjwen Finans lan (Sik Revni) nan 100 East Carroll Street, Salisbury, Maryland 21801-5493 ki endike rezon pou demand lan. Anplis, ou ka voye yon demann rekonsiderasyon bay Inite Edikasyon ak Defans Sante (Health Education and Advocacy Unit, HEAU) pou sèvis nan TidalHealth Peninsula.

Health Education and Advocacy Unit  
 200 St. Paul Place  
 Baltimore, MD 21202

Imèl – [heau@oag.state.md.us](mailto:heau@oag.state.md.us)

Telefòn: (410) 528-1840 oubyen Nimewo Gratis: 1-877-261-8807

Faks: (410) 576-6571

Sit entènèt: <https://www.marylandattorneygeneral.gov/Pages/CPD/HEAU/default.aspx>

- i. Se sèlman revni ak gwosè fanmi an ke y ap konsidere lè pou apwouve aplikasyon pou FA yo.
- j. Si TidalHealth gen rezon ki fè li kwè enfòmasyon an pa fyab oswa pa kòrèk, oswa jwenn anba kontrent, oswa atravè itilizasyon pratik kontrent, yo ka refize FA.
- k. Nou pa mande oswa bay egzanpsyon, alekri oswa aloral, pou di ke pasyan an pa vle aplike pou asistans.
- l. An akò avèk règleman eta ak federal yo, dosye fòmasyon anlwaye yo konsènan règleman sa a konsève pa sistèm fòmasyon elektwonik òganizasyon an.

#### Kowòdonatè Rekouvremant

- a. Si li kalifye, ak mwens ke \$ 2,500, yo pral transfere nan FA lè fòm "Demand pou Asistans Finansyè" a fini. Yon kopi ap rete nan dosye elektwonik pasyan an. Si li kalifye, epi balans lan se \$ 2,500 oswa pi wo, Koòdonatè Rekouvremant an ap pran siyati ajisteman ki apwopriye a(yo).
- b. TidalHealth pral revize sèlman kont ke pasyan an oswa moun ki garanti a mande pou FA, baze sou yon demann voye pa lapòs oswa si fonksyonman nòmal kont lan endike ke pasyan an ta ka kalifye. Nenpòt reprezantan sèvis kliyan/pasyan, konseye finansye oswa ajan rekouvremant kapab kòmanse yon pwosedi aplikasyon.

- c. Yon fwa yo apwouve yon demand, sèvis wit mwa anvan apwobasyon an ak douz mwa apre apwobasyon an ka enkli nan ajisteman an. Tout rankont enkli nan demann la dwe fè referans nimewo rankont orijinal la kote imaj elektwonik aplikasyon an anrejistre. Dat sèvis andeyò peryòd ven mwa sa a kapab enkli si yo apwouve pa yon Sipèvizè, Manadjè, oswa Direktè. Nenpòt kantite lajan ki depase \$5 ke yo te deja pran nan men pasyan an oswa moun garanti a pou dat sèvis apwouve yo dwe ranbouse bay pasyan an si detèminasyon an fèt nan lespas de lane apati de dat swen an.
  
- d. TidalHealth ap kominike avèk pasyan an nan metòd pasyan an pito a ak ladann kominikasyon elektwonik, telefòn oswa lapòs.

### Siyati Otorizasyon

Deskripsyon Etap	Moun k ap apwouve a	Dat
------------------	---------------------	-----

## REZIME NAN LANGAJ SENP

### **Règleman Asistans Finansye**

Se entansyon TidalHealth pou mete disponib pou tout pasyan pi bon jan kalite swen medikal posib nan resous ki disponib yo. Si yon pasyan pa kapab peye poutèt resous finansye yo, tout efò pral fèt pou ede pasyan an jwenn asistans nan ajans apwopriye yo, oswa, si pa gen èd ki disponib, y ap bay swen ak pri redwi oswa gratis pou ijans ak swen medikal ki nesèsè.

Pasyan ki bezwen sèvis ochwa yo ka, atravè konsiltasyon avèk doktè yo, gen pwosedi yo ranvwaye jiska lè pasyan an kapab fè peman konplè oswa satisfè depo etabli an. Pasyan ki gen pwosedi ochwa, dapre dyagnostik yo ak/oswa doktè yo a, ki pa ka gen pwosedi yo ranvwaye yo pral ede yo jwenn asistans nan men ajans yo. Si pa genyen asistans disponib, epi pasyan an mande sa, yo pral revize kont lan pou yon posibilite asistans finansye.

Bòdwo doktè TidalHealth yo pa enkli nan bòdwo lopital la epi yo voye bòdwo yo apa, eksepste balans ki peye pou pwòp tèt yo. Balans ki peye pou pwòp tèt yo pou sèvis TidalHealth ap parèt sou menm bòdwo an. Bòdwo doktè andeyò TidalHealth yo pa enkli nan bòdwo lopital la epi yo pral voye bòdwo yo apa. Bòdwo Doktè andeyò TidalHealth yo pa kouvri pa règleman asistans finansye TidalHealth la. Yo bay yon lis founisè ki bay swen ijans ak lòt swen medikal nesèsè nan TidalHealth sou sit entènèt la nan [www.tidalhealth.org/find-a-doctor](http://www.tidalhealth.org/find-a-doctor).

Nan ka kote pasyan an aplike pou epi kenbe tout randevou nesèsè yo epi asistans yon twazyèm pati pa disponib, pasyan an ka kalifye pou asistans finansye.

### **Pwosesis Detèminasyon Kalifikasyon**

1. Entèvyou ak pasyan ak/oswa fanmi an.
2. Jwenn revni brit anyèl.
3. Detèmine kalifikasyon (*kalifikasyon preliminè nan espas 2 jou ouvrab*)
4. Evalyasyon pou referans posib nan pwogram charitab ekstèn yo.
5. Si pasyan an ak/oswa fanmi an refize divilge resous finansye oswa kolabore, pasyan an pral sijè a efò rekouvreman estanda. Okenn Aksyon Rekouvreman Ekstrawòdinè (ECA) pral fèt omwen 120 jou apati premye bòdwo aprè-egzeyat la.
6. Yo pral revize tout aplikasyon yo resevwa nan lespas 240 jou apre premye bòdwo apre-egzeyat. Aksyon ECA yo pral sispann jiskaske aplikasyon an trete.
7. Detèminasyon kalifikasyon (*apwobasyon oswa refi*) dwe fèt nan yon jan apwopriye.

### **Kòman pou Aplike**

- Aplikasyon yo ka fèt aloral lè w rele nan (410) 912-6957 ant 8:00 a.m. ak 5:00 p.m., Lendi rive Vandredi.
- An pèsòn nan TidalHealth Peninsula Regional, 100 East Carroll Street, Salisbury, Maryland nan biwo Konseye Finansye a (ki plase nan sal akèy Frank B. Hanna Outpatient Center) ant 8:00 am ak 4:00 pm, Lendi rive Vandredi oswa nan Registration Office of TidalHealth Nanticoke, 801 Middleford Road, Seaford, Delaware, ant 8:00 am ak 4:00 pm Lendi rive Vandredi.
- Voye pa lapòs yon demand pou yon aplikasyon bay TidalHealth Peninsula Regional, PO Box 2498, Salisbury, MD 21802-2498.

- Sou entènèt la nan:  
<https://www.tidalhealth.org/patientforms>  
<https://www.tidalhealth.org/patientbills>
- Aplikasyon yo disponib an Anglè, Espayòl epi Kreyòl.
- MYCHART

### **Kalifikasyon**

TidalHealth konpare revni pasyan an ak Gid Federal Povrete a. Pou yo trete aplikasyon w lan, nou mande enfòmasyon annapre yo:

- Yon twazyèm pati endepandan pou verifye revni kay ou (youn nan sa ki annaprè yo)
  - a. Dènye souch peman ki montre salè aktyèl epi pou ane a rive jodi a
  - b. Deklarasyon taks ki pi resan ki montre Revni Brit Ajiste w oswa fòm W-2
  - c. Dokiman ekri benefis Sekirite Sosyal, andikap SSI, avantaj VA, elatriye
  - d. Si pa gen revni, yon lèt ki soti nan yon sous endepandan tankou yon reprezantan legliz oswa yon vwazen ki verifye ke pa gen revni oswa yon lèt ki soti nan men yon moun ki bay sipò finansye
- Aplikasyon Ranpli

Enfòmasyon sa a, ak nenpòt enfòmasyon yo jwenn nan sous ekstèn, yo itilize yo pou detèmine kalifikasyon w pou asistans finansye. Plis enfòmasyon yo bay, se plis li fasil pou nou detèmine bezwen finansye ou.

### **Ou bezwen asistans?**

Si, nenpòt lè, ou gen kesyon sou jwenn asistans finansye, bòdwo lopital ou, dwa ou ak obligasyon ki konsène bòdwo a, oswa aplike pou Pwogram Asistans Medikal la (Medical Assistance Program), tanpri kontakte Depatman Sèvis Finansye TidalHealth la nan (877) 729-7762. Ou ka jwenn yon kopi Règleman Asistans Finansye TidalHealth la nan [www.tidalhealth.org/financialassistance](http://www.tidalhealth.org/financialassistance).

### **Pwogram Asistans Medikal**

Pou chèche konnen si w kalifye pou Asistans Medikal Maryland oswa lòt asistans piblik, tanpri aplike nan biwo Depatman Sèvis Sosyal (Department of Social Services, DSS) lokal ou a, oswa ou ka ale nan [mmcp.dhmd.maryland.gov](http://mmcp.dhmd.maryland.gov) pou enfòmasyon sou divès pwogram Medicaid ki disponib yo. Ou kapab aplike anliy pou Medicaid Maryland nan [marylandhealthconnection.gov](http://marylandhealthconnection.gov). Si w ap aplike pou yon timoun oswa ou ansent, ou kapab aplike pou Maryland Pwogram Sante Timoun (Maryland Children's Health Program, MCHP). Si w sèlman ap aplike pou asistans pou peye prim Medicare, kopeman ou oswa franchiz ou, ou ka aplike nan Depatman Sèvis Sosyal lokal ou a (DSS) pou Benefisyè Medicare Kalifye (Qualified Medicare Beneficiary, QMB) oswa Pwogram Espesifik Benefisyè Medicare ak Ti Revni (Specified Low-Income Medicare Beneficiary, SLMB). Ou ka ranpli aplikasyon QMB/SLMB pa lapòs oswa an pèsòn. Pou plis enfòmasyon, si w se rezidan Maryland ou kapab rele Liy Dirèk Depatman Sante ak Ijyèn Mantal pou Relasyon ak Benefisyè nan 1 (800) 492-5231 oswa (410) 767-5800.

Rezidan Delaware yo ka jwenn enfòmasyon anliy nan [dhss.delaware.gov](http://dhss.delaware.gov) oswa aplike anliy nan [assist.dhss.delaware.gov](http://assist.dhss.delaware.gov). Si w se yon rezidan Delaware, rele nan (302) 571-4900. Rezidan Virginia yo ka jwenn enfòmasyon nan [dmas.Virginia.gov](http://dmas.Virginia.gov). Pou resevwa yon aplikasyon, rele biwo DSS lokal ou a oswa Ajans Zòn sou Granmoun Aje (Area Agency on Aging, AAA).

## **Dwa ak Obligasyon Pasyan yo**

Dwa yo:

- Avètisman rapid sou detèminasyon kalifikasyon preliminè yo pou asistans finansyè.
- Gid nan men TidalHealth sou kòman pou aplike pou asistans finansyè ak lòt pwogram ki ka ede yo avèk peman bòdwo lopital yo a.
- Resevwa asistans finansyè pou tout sèvis ki pa peyab pa yon lòt pwogram ki satisfè kalifikasyon Règleman Asistans Finansyè TidalHealth la.
- TidalHealth pral bay swen ijan ak swen medikal nesèsè gratis ak/oswa pri redwi pou pasyan ki pa gen asirans swen sante oswa ki gen kouvèti asirans swen sante ki pa peye tout pri a nan bòdwo lopital yo.
- Plan peman yo disponib lè yo rele 1-877-729-7762.

Obligasyon yo:

- Soumèt enfòmasyon konplè epi egzak sou Aplikasyon Asistans Finansyè Inifòm ke TidalHealth itilize a.
- Atache dokiman sipò epi retounen fòm lan bay TidalHealth nan yon tan apwopriye.
- Fè peman konplè oswa tabli yon plan peman pou sèvis ki pa kalifye dapre Règleman Asistans Finansyè TidalHealth la.